

Vaksen ACWY Kont Menengokòk: Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1 Poukisa ou dwe pran vaksen?

Maladi Menengokòk se yon maladi grav yon tip bakteri ki rele *Neisseria meningitidis* pwovoke. Li kapab lakoz menenjit (enfeksyon nan pawa sèvo a ak mwal epinyè a) ak enfeksyon nan san. Maladi menengokòk rive souvan sanzatann—menm pami moun ki an sante yo.

Maladi menengokòk kapab simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan kontak sere (touse oswa anbrase) oswa nan kontak ki dire anpil tan, epeyalman pami moun k ap viv nan menm kay.

Genyen omwen 12 tip *N. meningitidis*, ki rele « sewogwoup ». Sewogwoup A, B, C, W, ak Y lakòz pifò maladi menengokòk yo.

Nenpòt moun kapab pran maladi menengokòk, men kèk moun gen plis risk, tankou :

- Ti bebe ki poko gen yon lane
- Adolesan ak jèn granmoun yo ki gen laj 16 zan jiska 23 zan
- Moun ki genyen kèk pwoblèm medikal ki afekte sistèm iminitè yo
- Mikwobyolojis ki travay souvan avèk pasyan ki izole pou *N. meningitidis*
- Moun ki gen risk akòz yon epidemi nan kominote yo a

Menm lè li fin trete, menengokòk tiye 10 a 15 moun sou 100 ki te enfekte. Epi pami moun ki siviv yo, anviwon 10 a 20 sou chak 100 pral soufri pwoblèm tankou pèt tande, domaj nan sèvo, domaj nan ren, anpitasyon, pwoblèm nan sistèm nève, oswa sikatris grav nan grèf po.

Vaksen ACWY kont menengokòk kapab ede anpeche maladi menengokòk sewogwoup A, C, W ak Y la te lakoz. Yon lòt vaksen menengokòk disponib pou ede pwoteje kont sewogwoup B a.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistreman an.

2 Vaksen ACWY kont Menengokòk

Administrasyon pou Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) otorize Vaksen menengokòk (**MenACWY**) ki repwodui a pou pwoteksyon kont sewogwoup A, C, W ak Y.

Souvan yo rekòmande de (2) dòz MenACWY pou adolesan ki genyen laj 11 lane jiska 18 lane : premye dòz la ak 11 lane oswa 12, avèk yon dòz rapèl nan laj 16 lane. Kèk adolesan, tankou sa ki gen VIH, ta dwe pran dòz siplemantè. Mande founisè swen sante ou a pou li ba ou plis enfòmasyon.

Anplis de vaksen woutin pou adolesan yo, yo rekòmande vaksen MenACWY tou pou kèk gwoup moun :

- Moun ki gen risk akòz epidemi maladi menengokòk sewogwoup A, C, W oswa Y la
- Moun ki fè VIH
- Nenpòt moun ki gen larat li ki andomaje oswa doktè retire, sa gen ladann moun ki fè maladi drepanositoz
- Nenpòt moun ki gen yon pwoblèm ki ra nan sistèm iminitè li ki rele "karans pèsistan nan eleman konplemantè"
- Nenpòt moun k ap pran medikamen ki rele eculizumab (yo rele tou Soliris®)
- Mikwobyolojis ki travay souvan avèk pasyan ki izole pou *N. meningitidis*
- Nenpòt moun k ap vwayaje oswa k ap viv nan yon pati nan monn lan kote maladi menengokòk kouran, tankou kèk kote ann Afrik
- Etidyan klas premye lane inivèsite k ap viv nan dètwa
- Moun ki anwole nan fòs lame Etazini

Kèk moun bezwen plizyè dòz pou yon pwoteksyon ki efikas. Poze pwofesyonèl swen sante ou an kesyon sou kantite dòz pou pran ak lè pou pran yo, ak bezwen pou dòz rapèl yo.



3**Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a**

Di moun k ap ba ou vaksen an **si ou genyen pwoblèm alèji grav oswa mòtèl**. Si ou deja genyen yon reyaksyon alèjik ki menase lavi ou aprè yon premye dòz vaksen ACWY menengokòk, oswa si ou genyen yon gwo alèji ak nenpòt pati nan vaksen sa a, ou pa ta dwe resevwa vaksen sa a. Founisè ou la kapab pale avè ou konsènan engredyan ki nan vaksen an.

Nou pa konnen anpil bagay sou risk vaksen sa a pou yon fanm ansent oswa yon manman k ap bay timoun tete. Sepandan, gwsès oswa bay tete pa rezon pou evite vaksinasyon MenACWY la. Yon fanm ansent oswa yon fanm k ap bay tete ta dwe vaksinen si li gen anpil chans pou fè maladi menengokòk.

Si ou gen yon ti maladi, tankou yon grip, ou kapab petèt pran vaksen an jodi a. Si ou gen yon maladi ki modere oswa grav, ou ta dwe petèt rete tann jouk lè ou geri. Doktè ou a an kapab konseye ou.

4**Risk nan reyaksyon yon vaksen**

Tankou nenpòt medikaman, sa gen ladann vaksen yo, genyen yon chans pou genyen reyaksyon negatif. Anjeneral, reyaksyon negatif sa yo lejè, epi yo ale pou kont yo nan kèk jou, men reyaksyon grav yo posib tou.

Prèske mwatye moun ki resevwa vaksen kont menengokòk ACWY la prezante **ti pwoblèm** aprè vaksinasyon an, tankou woujè oswa doulè kote li te resevwa vaksen an. Si pwoblèm sa yo rive, anjeneral yo dire 1 a 2 jou.

Yon ti pousantaj moun ki resevwa vaksen an soufri doulè miskilè oswa atikilè.

Pwoblèm ki te kapab rive aprè nenpòt vaksen yo te bay

- Pafwa moun yo endispoze aprè yon pwosedi medikal, sa gen ladann vaksinasyon. Si ou chita oswa kouche pandan 15 minit, sa kapab ede ou pa pèdi konesans, epitou sa kapab ede ou pa pran chòk si ou tonbe. Pale ak doktè ou la si ou santi tèt vire oswa pwoblèm vizyon.
- Kèk moun genyen gwo doulè nan zèpòl yo epitou yo gen difikilte pou yo bouje bra yo kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman kapab lakòz yon gwo reyaksyon alèjik. Reyaksyon sa yo nan yon vaksen ra anpil, yo estime yo a anviwon 1 sou yon milyon dòz, epitou yo t ap rive nan espas kèk minit ak kèk èdtan aprè vaksen an.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon chans ki ra anpil pou yon vaksen lakòz yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon al gade nan: www.cdc.gov/vaccinesafety/DCH-0930HC

AUTH: P. H. S., Act 42, Sect. 2126.

Haitian Creole translation provided by the NYC Department of Health and Mental Hygiene

5**E si ta genyen yon reyaksyon ki grav?****Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt sa ki genyen rapò avèk ou, tankou siy yon gwo reyaksyon alèjik, gwo lafyèv oswa konpòtman ki pa nòmal.

Siy yon gwo reyaksyon alèji ki kapab genyen ladann itikè, enflamasyon vizaj ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès—anjeneral nan kèk minit a kèk èdtan aprè vaksen an.

Kisa mwen ta dwe fè?

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa ale nan lopital ki pi pre a. Si se pa sa, rele doktè ou a.

Après, ou ta dwe rapòte reyaksyon an nan Sistèm Deklarasyon pou Efè Endezirab ki Lye ak Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Doktè ou a ta dwe fè rapò sa a, oswa ou kapab fè sa pou kont ou sou sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele nan nimewo 1-800-822-7967.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6**Pwogram Konpansasyon Nasyonal pou Viktim Vaksen yo**

Pwogram Konpansasyon Nasyonal pou Viktim Vaksen yo (VPCP) se yon pwogram federal ki kreye pou konpanse moun ki petèt te pran chòk nan kèk vaksen.

Moun ki kwè yo te kapab pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo kapab rele nan nimewo 1-800-338-2382 oswa yo kapab ale sou sitwèb VICP la nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation. Genyen yon tan limite pou depoze yon reklamasyon pou konpansasyon.

7**Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon**

- Mande founisè swen sante ou la. Li kapab ba ou endikasyon ki sou anbalaj vaksen an, oswa li kapab sijere ou lòt kote pou jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman sante zòn ou an oswa nan Eta kote ou ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevansyon, CDC):
 - Rele nan nimewo 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO) oswa
 - Ale sou sitwèb CDC a nan www.cdc.gov/vaccines

Bilten Enfòmasyon sou Vaksen (Pwovizwa)
Vaksen menengokòk ACWY



Pou itilizasyon biwo sèlman

08/24/2018 | 42 U.S.C. § 300aa-26